

POU KI SA SA ENPÔTAN ANPIL POU W FÈ EGZAMEN JE?



Lè yo detekte maladi je bonè, lè yo fè tretman bonè pou moun ki gen problèm je, sa kab evite je yo vin pi mal epi sa kab fè yo li pi byen.

Dapre rechèch Asosiyasyon Optometri Ameriken fè, youn sou chak kat timoun gen yon problèm je men yo poko konn sa.

Fondasyon Essilor Vision nan bay kèk done sou sa k rive lè paran pa fè rezoud problèm je ptit yo.

- 90% timoun ki bezwen pot linèt pa gen linèt.
- 44% paran pa okouran se yon problèm je ki kab lakòz ptit yo ap fè dezòd lekòl.



Gras ak kolaborasyon nou ak konpayi Lions International nou rive rekrite epi nou rive fòme volontè pou tcheke je timoun toupatou nan Sid Florid, lekòl leta ki kalifye e ki bezwen moun pou tcheke je elèv kab telephone pou mande pou kèk volontè ki disponib nan zòn pa w la:

Lion CC Diana Castillo
305-898-0179 • cas9673@aol.com

APLIKE POU W FÈ EGZAMEN JE GRATIS EPI POU JWENN LINÈT SOU SIT HEIKEN NAN

KI MOUN KI KAB APLIKE?

- Paran elèv lekòl leta Florid yo ak sa ki nan lekòl prive leta ap peye pou yo atravè program School Choice la
- Paran elèv Head Start

POU KI SA NOU DWE SÈVI AK SIT HEIKEN NAN?

- Analiz ki pi rapid
- Yo kenbe rezulta yo konfidansyèl epi yo an sekirite



DISPONIB AN:

- Angle
- Panyòl
- Kreyòl
- PòtigèPanyòl

Heiken PA pa bay okenn lòt ajans enfòmasyon li genyen sou elèv yo.

NÒT POU LAPRÈS ASOSIYASYON OPTOMETRI AMERIKEN

St. Louis, MO, 4 out 2008

Asosiyasyon Optometri Ameriken (AOA) ap raple tout paran kouman sa enpòtan pou timoun wè byen pou yo kab fè tout kalite aktivite nan klas yo – pou yo li, pou yo gade sa k sou tablo, pou yo wè sa ki sou ekran yon konpitè. Si timoun pa wè byen, yo kab gen tout yon seri problèm yo pa ta dwe genyen nonsèlman nan klas yo, men nan tèt yo, nan kò yo, nan vi sosyal yo epi nan kondisyon emosyonèl yo. Yon bon egzamen je pou tout elèv se youn nan bagay ki pi enpòtan pou yo fè pou yo pandan y ap prepare rantre lekòl la, malgre sa anpil fwa se pa yon bagay paran fè. Lè yo pa fè egzamen je pou timoun, anpil ladan yo ap soufri san yo pa konnen, epi yo kab menm klase yo pa erè nan kategori timoun ki gen problèm ki anpeche yo aprann.



Florida Heiken Children's Vision Program
601 SW 8th Avenue • Miami, Florida 33130
Phone: 305.856.9830 • 1.888.996.9847
Fax: 888.980.8474
www.floridaheiken.org

Jiyè 2023

EGZAMEN JE GRATIS AK LINÈT POU TIMOUN LEKÒL KI KALIFYE



FLORIDA HEIKEN
Children's Vision Program, LLC
FOUNDED 1992
A DIVISION OF MIAMI LIGHTHOUSE FOR
THE BLIND AND VISUALLY IMPAIRED, INC.

YON POGRAM KI NAN TOUT ETA A




POU KI SA SA ENPÔTAN POU YO FÈ YON BON EGZAMEN JE POU TIMOUN?

Dapre Asosiyasyon Optometri Ameriken, sou chak kat elèv gen youn ki gen problèm je. Si yo pa trete problèm sa a, sa kab lakòz elèv la travay mal lekòl, sa kab fè elèv la gen move konpòtman lekòl, epi elèv la kab vin delenkan. Elèv ki gen problèm je gen dwa pa wè tablo a byen oubyen yo gen problèm pou yo wè depre. Poutèt sa, yo kab kòmanse travay mal nan klas la oubyen yo kab kòmanse fè dezòd nan klas la.

Lè yo rezoud problèm je elèv bonè sa kab amelyore nivo lekti elèv yo epi sa kab fè elèv yo travay pi byen nan klas la. Elèv yo ap kapab li devwa yo, wè tablo a mye, epi y ap kapab travay pi byen lekòl.



KI SA PWOGRAM VIZYON HEIKEN POU TIMOUN NAN FLORID LA YE?




Asosiyasyon Doktè Je nan Miami Dade te kreye Fondasyon "Heiken Children's Fund" an 1992 an memwa Dr. Bruce Heiken ki te konn fè tretman je gratis pou timoun.

An 2007, Manm komisyon Bruce Heiken Memorial Fund ak Manm komisyon Miami Lighthouse for the Blind and Visually Impaired, Inc. te dakò pou tou de òganizasyon yo fè yon sèl pou yo kreye Miami Lighthouse Heiken Children's Vision Program. An 2010, Florida Heiken Children's Vision Program, LLC a vin tounen yon branch Miami Lighthouse pou yo kab fè konsiltasyon je gratis nan tout Eta Florid la.

KILÈS PWOGRAM HEIKEN NAN FLORIDA LA AP DESÈVI?

Pogram sa a ofri egzamen je konplè ki gratis, epi dilatasyon je, epi linèt preskripsyon pou elèv ki kalifye ki nan lekòl leta epi ki pa jwenn sèvis kon sa souvan. Kounye a, moun ka resevwa sèvis sa yo nan tout Eta Florid la kote n gen 5 klinik mobil pou zye ak klinik pòtatif nou pral mete anndan lè n ap fè vizit nan lekòl yo. Ositou moun ka resevwa yon koupon pou yo al wè youn nan 1.150 doktè zye ki pran pa nan pogram sa a. Depi pogram Heiken pou swen je timoun nan Florid sa a kòmanse, li deja pran ka plis pase 191.000 elèv. Kòm pogram nan epapiye toupatou nan Eta Florid la kounye a, li sèvi apeprè ant 14 a 18 mil elèv chak ane nan tout Eta a, tou depan ki valè finansman ki disponib pou pogram nan. Nan yon ane nòmal, klinik mobil Florida Heiken nan pran randevou pou al fè apeprè 600 konsiltasyon

je nan lekòl yo oubyen nan aktivite k ap fèt nan kominote a toupatou nan eta a.



FÒMALITE POU PWOTEKSYON



MEN SA YO MANDE POU MOUN ANTRE NAN KLINIK SWEN JE A

- Anpliwaye dwe mete kachnen.
- Elèv dwe mete kachnen epi yo dwe itilize dezenfektan pou men.

SEKERITE ANNDAN KLINIK MOBIL SWEN JE A

- Nou DEZENFEKTE tout kote moun manyen ak tout ekipman apre nou fini avèk chak elèv epi nou DEZENFEKTE tout anndan an chak jou.
- Sistèm UV/HEPA pou filtre lè moun respire.

MEN KLINIK MOBIL FLORIDA HEIKEN YO POU FÈ KONSILTASYON JE, YO TOUT BYEN EKIPE AK TOUT SA KI NAN BIWO YON DOKTÈ JE.

